



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS SIVEYANS POU REPONN AK  
OGMANTASYON FO MENAS KONT LEKÒL YO**

***Gouvènè te rankontre ak lidè sekirite piblik ak lidè edikasyon Eta a yo pou  
ranfòse plan pou sekirite elèv yo nan mitan ogmantasyon apèl 'twonpri' yo***

***Lapolis Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta a voye yon [lèt bay](#)  
administratè lekòl yo atravè Eta New York ki mande yo pou yo revize mezi  
preparasyon ak sekirite yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis siveyans an repons ak dènye ogmantasyon apèl "twonpri" yo, oswa fo rapò sou yon ijans fòs lòd ki grav, tankou yon menas bonm, sitiyoasyon otaj, oswa omisid, atravè eta a ak peyi a. Byen bonè jodi a, Gouvènè Hochul te rankontre ak lidè sekirite piblik ak edikasyon eta a pou kowòdone mezi preparasyon ak sekirite pou asire tout timoun yo rete an sekirite nan lekòl yo e ke tout distri lekòl yo ak lapolis lokal yo gen dènye konsèy sou pwotokòl sekirite lekòl yo.

"Tout timoun nan New York merite pou yo santi yo an sekirite nan lekòl yo epi chak paran ta dwe gen konfyans ke pitit yo ap retounen lakay yo nan fen chak jounen." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fòs lòd Eta ak lokal yo ap fè plis siveyans pou asire ke tout elèv nou yo an sekirite, epi premye sekouris nou yo toujou pare nan ka yon ijans. Pandan ke fo menas vyolans sa yo rive nan tout peyi a, New York ap franchi etap pwo-aktif pou yo pa vin yon reyalite."

**Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare,** "Ofri yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite ak san danje pou timoun nou yo ak pwofesè nou yo se priyorite nimewo en nou. Asire nou ke n ap travay yon faso pwo-aktif ak patnè ajans nou yo nan Ekip Amelyorasyon Sekirite Lekòl (School Safety Improvement Team) la ansanm ak patnè fòs lòd lokal nou yo pou sipòte efò yo, epi nou pral kontinye fè sa. Kite m di nou byen klè, ensidan twonpi tankou sa a, ki deranje lekòl nou yo ak detounen resous valab eta a, yo pa pral tolere yo epi nou pran angajman pou jwenn moun ki responsab yo."

**Komisè Depatman Edikasyon Eta New York la, Doktè Betty A. Rosa, te deklare,** "Sekirite elèv nou yo ak anplwaye ki nan lekòl yo se pi gwo priyorite nou. Chak menas kont kominote lekòl yo, kit yo fonde ou pa, se yon prevansyon sou

aprantisaj ak sante mantal. Kominikasyon pwo-aktif ak kontinyèl ak lekòl yo ak bay sipò pou kenbe plan sekirite lekòl yo ajou se yon bagay enpòtan pou misyon nou pou asire edikatè yo gen resous ki nesèsè pou reponn ak menas sa yo kòm sadwa ak yon fason adekwat epi ke aprantisaj yo pouswiv san rete. Nou pral kontinye travay avèk Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan fòs lòd la nan nivo eta ak lokal pou bay konsèy atravè defi sa yo. Devouman ak rezistans edikatè ak elèv yo atravè New York pou yo monte pi wo epi pèsèvere se yon sous enspirasyon."

**Pezidan Pwofesè Reyini Eta New York la (New York State United Teachers), Andy Pallota te deklare,** "Nou deja deklare sa plizyè fwa: Sekirite timoun lekòl nou yo se pi gwo priyorite pou edikatè yo nan tout eta a. Nou apresye atansyon rapid gouvènè a sou zafè sa a ak angajman kontinyèl fò lòd la ak administratè lekòl yo pou pran nenpòt menas kont lekòl nou yo seryezman. Nou dwe ini pou fè tout sa nou kapab pou kenbe lekòl piblik nou yo an sekirite ak anviwònman ki akeyan pou tout moun."

Anplis rankontre ak lidè sekirite piblik ak lidè edikasyon Eta a yo, Gouvènè Hochul te kolabore ak Lapolis Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta a pou bay yon lèt bay lidè lekòl yo atravè Eta New York ki mande yo pou yo revize mezi preparasyon ak sekirite yo apre fiziyad lekòl lendi a nan Nashville ak ogmantasyon apèl "twonpri" yo.

Tout tèks lèt la anba a:

*Chè dirijan lekòl yo,*

*Bagay ki inimaginab la te rive nan yon lòt lekòl nan Etazini lè yo te tire ak touye twa timoun ak twa manm pèsonèl nan Nashville semèn sa a. Nou voye kondoleyans sensè nou bay moun yo ak fanmi yo ki afekte pa fiziyad odyè ak trajik la.*

*Jis kèk jou apre, jounen lekòl la te entèwonp pou anpil nan nou pa menas tirè aktif yo ke yo te rele nan plis pase twa douzèn lekòl nan prèske chak rejyon nan eta nou an.*

*Yo kwè ke menas yo se ensidan "twonpri" - oswa fo rapò sou yon ijans fòs lòd ki grav, tankou yon menas bonm, sityasyon otaj, oswa omisid. Fòs lòd yo te mennen ankèt sou menas yo epi yo te detèmine ke yo te fo, men kanmenm, yo te lakòz anpil estrès, konfizyon ak chòk emosyonèl pou timoun, paran yo ak anplwaye yo, epi yo te detounen resous ki gen anpil valè pou fòs lòd yo. Lapolis nan nivo lokal, eta ak federal ap travay pou retrace menas yo epi arete moun ki responsab yo.*

*Li enpòtan pou administratè lekòl yo ak ekip lidèchip yo toujou prepare pou nenpòt ensidan posib, men nan moman kogmantasyon enkyetid sa ki gen rapò ak sekirite lekòl la, li patikilyèman enpòtan pou fasilite yon kilti preparasyon an sekirite ak kalm, ansanm ak kominikasyon klè ant lapolis ak ofisyèl lekòl yo.*

*Apre yon evènman twomatizan tankou fiziyad Nashville la ak fo menas vyolans ki vin apre yo, ofisyèl lekòl yo ka swete ranvwaye nenpòt egzèsis yo te pwograme pou diminye risk pou elèv yo ak anplwaye yo gen plis twomatiz pandan y ap kenbe*

konsyantizasyon sou pwosesis ak pwosedi pou kenbe etidyan yo ak anplwaye yo an sekirite. Lekòl ki fè egzèsis yo ta dwe fè sa ak anpil atansyon ak prekosyon epi toujou enfòme tout patisipan yo ke se yon egzèsis. Apre konklizyon an, li preferab pou kite tan pou debat ak elèv yo ak anplwaye yo.

- Anplis fè revizyon ki anwo yo, lidèchip lekòl la ta dwe imedyatman.
- Revize Plan Repons nan Nivo Bildung ou an, ki obligatwa dapre seksyon 2801-A sou lwa edikasyon Eta New York la epi asire w ap suiv konsèy ki nan Kat Repons pou Ijans NY S.H.E.L.L. la
- Rankontre ak anplwaye ki asiye nan wòl enpòtan nan Sistèm Kòmanman Ensidan (Incident Command System, ICS)
- Swiv egzijans egzèsis chak ane yo, ki se pi bon fason pou fòme elèv yo ak anplwaye yo sou pwosedi repons pou ijans yo.

Tanpri pa ezite kontakte lè s itilize enfòmasyon kontak ki anba a si w bezwen resous oswa si w bezwen plis fòmasyon anplis relasyon sere ou devlope ak ajans fòs lòd lokal ou yo. NYSED ak Lapolis Eta a pral kontinye siveye sityasyon sa a ak anpil atansyon, epi Kowòdonatè Kominote Lekòl Lapolis Eta a pral fè swivi dirèkteman ak distri lekòl yo ki te resevwa menas yo pou asire yo gen tout enfòmasyon yo epi reponn nenpòt kesyon.

Kòm yon prekosyon oswa rasirans adisyonèl, fòs lòd Eta ak/oswa lokal yo ka souvan ogmante prezans lekòl yo nan jou ak semèn apre yon menas oswa an repons ak yon ensidan vyolan lokal oswa nasyonal.

An 2022, Gouvènè Hochul te ranfòse Lwa Pwoteksyon sou Sinyal Alam lan pou elaji moun ki kapab chèche òdoans pwoteksyon pou risk ekstrèm (ERPO). Anplis administratè lekòl yo ak sèten moun lekòl la chwazi, tankou pwofesè, konseye pedagojik, sikològ lekòl la, enfimyè ak antrenè lekòl la, sa enkli:

- Ofisye polis yo
- Pwokirè Distrik a
- Fanmi oswa moun ki rete nan kay la. Sa gen ladan:
  - moun ki marye oswa ki divòse legalman
  - moun ki gen yon timoun an komen, ki gen ladan timoun ki adopte yo
  - moun ki lye atravè maryaj, tankou bo-paran yo
  - moun ki lye atravè san, tankou frè, paran, kouzen
  - moun ki pa gen rapò ki viv, oswa ki te viv ansanm pandan yon peryòd tan
  - moun ki pa gen rapò ki nan yon relasyon entim (aktyèl oswa ansyen), tankou koup ki gen menm sèks ak adolesan ki soti ansanm.

Li enpòtan anpil pou lekòl yo asire ke anplwaye ak lidè yo konprann yon fason inivèsèl lwa a ak fason li pwoteje kominote lekòl la lè yo retire zam nan men moun ki se yon danje pou tèt yo oswa pou lòt moun. Si pèsonèl lekòl la gen enkyetid konsènan yon moun an patikilye, [sitwèb Sistèm Tribinal Eta New York la](#) gen enfòmasyon detaye tou sou pwosesis ERPO a.

*Nan revizyon plan sekirite nan nivo distri a, lekòl yo ta dwe konsidere itilizasyon sistèm alam panik yo, ki pa chèn epi ki disponib komèsyalman epi ki pèmèt anplwaye yo ak administratè yo siyale byen vit yon sitiyasyon ki menase lavi oswa yon ijans ki mande yon repons nan men pèsònèl fòs lòd ki pi pre yo. Yo te mete egzijans sa a an plas atravè pasaj Lwa Alyssa a an 2022.*

*Resous planifikasyon repons pou Ijans yo disponib sou paj wèb [Sant pou Sekirite nan Lekòl Eta New York la](#), ki gen ladann yon nouvo videyo ki gen tit "[Seconds Count](#)" (Segonn yo Konte) ki te devlope pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, NYS-DHSES) an patenarya ak Ekip Amelyorasyon Sekirite nan Lekòl Eta New York la pou dekri pwosedi repons ijans lekòl S.H.E.L.L. yo. Remake byen ke videyo a fèt pou granmoun epi elèv yo pa ta dwe gade li.*

*Biwo Sèvis Sipò Elèv Depatman Edikasyon Eta a, an patenarya ak lòt ajans eta yo epi Lapolis Eta a pral kontinye bay konsèy ak resous nan jou k ap vini yo. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte nou nan [SafetyPlans@nysed.gov](mailto:SafetyPlans@nysed.gov).*

*Bay yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite ak sekirite pou timoun ak pwofesè nou yo se priyorite nimewo en nou epi nou pare pou ede nan nenpòt fason nou kapab.*

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418